



Pou Piblikasyon Imedya: 07/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 6 MILYON DOLA POU BOUS JISTIS KLIMATIK, KI AP BAY AVANTAJ AK KOMINOTE DEFAVORIZE YO AK POPILASYON KI GEN PRIYORITE YO

Finansman an pral sipòte 150 bous pandan plis pase twa ane

Li fè avanse angajman Eta New York pou li asire yon tranzisyon ekitab nan enèji pwòp pou tout Nouyòkè yo; anons lan vini davans pa rapò ak Semèn sou Klima a

Moun ka jwenn aplikasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 6 milyon dola disponib kounye a pandan twa ane pou sipòte 150 opòtinite pou Bous Jistis Klimatik (Climate Justice Fellowships) pou moun nan tout Eta a ki rezide aktyèlman nan kominote ki defavorize istorikman yo oswa ki soti nan popilasyon ki gen priyorite yo. Anons sa a, davans pa rapò ak selebrasyon Semèn sou Klima (Climate Week) a soti 20 septanm rive 26 septanm, ede sipòte angajman Eta New York pou asire yon tranzisyon ekitab nan enèji pwòp pou tout Nouyòkè jan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a egzije li a.

"Bous sa yo montre fason New York ap travay pou ankouraje mwayen ki nouvo ak kreyatif pou sipòte fòmasyon sou jistis pou klima ak enèji pwòp pou moun nan kominote ki defavorize yo pandan yo ap ankouraje trajektwa pou karyè ki byen peye pou jenerasyon Nouyòkè yo alavni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral bay Nouyòkè yo ki soti nan kominote ki mal reprezante yo yon opòtinite tou nèf pou yo patisipe nan ekonomi nou an. Li enpòtan pou nou konsantre nou sou kreyasyon yon mache pou enèji vèt ki enklizif nan kapte ide yo, talan, ak ekspètiz Nouyòkè yo pandan nou ap travay pou atenn objektif sou klima anbisye Eta a."

Pwogram lan, ke Otorite sou Rechèch Enèji ak Devlopman Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap administre a, ap chèche aplikasyon ki soti nan anplwayè akèy yo pou sipòte devlopman pwofesyonèl, fòmasyon, ak ankadreman pou manm atanplen ki abite nan [kominote defavorize yo](#) oswa ki soti nan popilasyon ki gen priyorite yo—gen ladan moun ki gen revni ba, ki andikape, ki sanzabri, ki nan te prizon, rezidan kominote jistis anviwònmantal yo, veteran yo ak Ameriken Natif Natal yo, pami lòt kategori yo.

Manm yo chwazi yo pral travay avèk òganizasyon kominotè yo, inivèsite yo, minisipalite yo, inovatè teknoloji sou klima yo/jèn konpayi yo, ak biznis sou enèji pwòp yo pou asiste ak sipòte aktivite sou angajman kominotè yo, devlopman ak egzekisyon pwojè enèji pwòp, kreyasyon patenarya, jèn konpayi enèji pwòp yo, oswa lòt pwojè ki fè avanse jistis pou klima ak priyorite enèji pwòp nan kominote ki defavorize yo.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Moun ki ap vivi nan kominote ki istorikman defavorize yo konnen bezwen kominote yo a pi byen. Pwogram Bous Jistis Klimatik la san parèy epi li pèmèt moun fè patenarya avèk antite yo ki vle fasilite efò pou enèji pwòp ak jistis pou klima yo nan menm kominote yo - sa ki kreye yon kolaborasyon ki san parèy epi ede asire yon tranzisyon ekkitab nan kominote yo ki te tradisyonèlman defavorize yo".

NYSERDA a pral finanse apwoksativman 50 bous an 2021 an epi jiska 100 bous rive 2023, epi li pral travay avèk ajans federal ak ajans Eta a yo, òganizasyon san bi likratif yo, fondasyon yo, ak lòt patenè yo pou pwofite resous ki egziste yo ak sèvis konplèmantè tankou sèvis transpò ak sèvis gadri yo, opòtinite pou fòmasyon ak devlopman pèsonèl yo.

[Yo dwe soumèt aplikasyon yo](#) disi 3 p.m. EST nan dat 28 oktòb 2021. Anplwayè akèy yo dwe aplike pwogram lan avèk kandida manm yo idantifye yo. Anplwayè yo pral bezwen yon prezantasyon sou aktivite espesifik manm lan pral antreprann pandan peryòd 12 mwa a. Delè yo prevwa pou aplikasyon yo se: Otòn 2021, Gwoup 1; Ivè/Prentan 2022, Gwoup 2; Ivè/Prentan 2023, Gwoup 3.

NYSERDA pral reyalize yon seminè anliy sou enfòmasyon nan dat 16 septanm 2021 a 10:00 a.m. EST pou revize egzijans pou demann yo epi reponn kesyon yo. Patisipan ki enterese yo kapab anrejistre lè yo voye yon imèl bay WFInfo@nyserda.ny.gov liy objè "PON 4772 Climate Justice Fellowship" (Bous Jistis Klimatik) pou mande plis enfòmasyon.

Senatè Kevin Parker te deklare, "Adrese jistis pou klima se yon konpozant kle nan atenn objektif enèji yo pou Eta nou an. Mwen aplodi Gouvènè Hochul ak NYSERDA a dèske yo pran yon angajman pou investi nan manm yo ki pral travay sou plas nan plizyè òganizasyon sou devlopman ak egzekisyon pwojè enèji pwòp. Sa se yon opòtinite enpòtan epi li pral ede asire ke nou atenn sib nou te fikse yo nan kad Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (CLPCA)".

Senatè Jessica Ramos te deklare, "Inondasyon sibit semèn pase a te devastatè epi li te menm fatal, yo te dwe deja amelyore rezilyans enfrastrikti klimatik New York la. Pwogram Bous Jistis Klimatik la pral bati lidèchip nan tout Eta nou an pou kenbe nou an sekirite. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li pa pèdi plis tan. Rekonesans ke nou dwe bay moun ki gen revni ba yo ak moun koulè yo yon opòtinite pou travay nan pwòp kominote nou yo pou konbat chanjman klimatik la kapab sèlman kòmansman investisman siyifikatif pou pwoteje kominote nou yo ak mete fen nan depandans konbistib fosil yon fwa pou tout".

Vis Prezidan ak Ko-Fondatè 400 Foundation ak Legliz Istorik Emanuel AME a, Reveran Pastè Rev. Doktè. Kahli C. Mootoo, te deklare, "Chanjman klimatik ak polisyon lè kontinye enpoze yon fado ki espesyalman lou sou kominote nou an. Djòb vèt dwe yon pwen santral pou nou atenn jistis ekonomik ak bay Kominote Nwa New York la opòtinite karyè ki ekitab. Apre 400 ane diskriminasyon miltip, lè a rive pou edikasyon ki gen kalite ak opòtinite pou fòmasyon pwofesyonèl tankou sa a. Yon sèl kou, Bous Jistis Klimatik la pral sèvi pou elimine disparite rasyal yo ni nan opòtinite pou karyè ak sante anviwonmantal kominotè ak sekirite, epi li ap fè avanse Kominote Nwa, Endijèn, Moun Koulè (Black, Indigenous, People of Color, BIPOC) yo pi pre ekite pase jamè oparavan."

Direktè Pwogram Enèji Pwòp Asosyasyon Adirondack North Country (Adirondack North Country Association, ANCA), Jerrod Bley, CEM, te deklare, "ANCA kontan anpil akòz anons Gouvènè Hochul la pou lanse pwogram Bous Jistis Klimatik la. Pwogram Bous la pèmèt òganizasyon tankou ANCA bati sou kwayans ak konfyans nou te deja etabli avèk elektè nou yo pandan nou ap bay devlopman ki byen reflechi pou pwochen jenerasyon pwofesyonèl nan jistis klimatik yo. Repons ki apwopriye pou pi gwo defi popilasyon ki majinalize yo ap fè fas dwe soti nan kominote sa yo epi nou kontan anpil pou nou sipòte kominote rejyon nò nou yo atravè opòtinite sa a ak lòt pwogram NYSERDA yo ki adrese ekite ak jistis pandan nou ap fè tranzisyon nan yon avni pou enèji pwòp".

Yo bay finansman pou Pwogram Bous Jistis Klimatik la atravè Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund) la, ansanm ak Inisyativ Gaz Efè Sè Rejyonal (Regional Greenhouse Gas Initiative) la, epi li fè pati yon angajman NYSERDA a ki koute prèske 120 milyon dola pou sipòte inisyativ devlopman mendèv aktyèl yo ak fòmasyon, sa ki pral ede fòme ak prepare plis pase 40,000 Nouyòkè pou devlope opòtinite djòb enèji pwòp yo ak asiste biznis enèji pwòp yo nan rekrite, anboche, ak fòme travayè yo. Pwogram Bous Jistis Klimatik la bati tou sou efò NYSERDA a ki gen rapò ak sa pou prepare pwochen jenerasyon travayè enèji pwòp yo nan finans estaj ak fòmasyon pandan yo nan djòb yo pou moun ki ap chèche pou rejwenn endistri enèji pwòp la. NYSERDA ap bay 9.5 milyon dola pou sipòte Pwogram Estaj nan Enèji Pwòp Eta New York (New York State Clean Energy Internship Program) la epi li te sipòte 922 estaj jiska prezan, pandan li ap bay tou 13.5 milyon dola pou fòmasyon pandan moun yo nan djòb yo pou efikasite nan enèji ak teknoloji pwòp epi li te fòme 675 moun—anpil soti nan kominote defavorize yo ak popilasyon ki gen priyorite yo nan tout Eta a.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram devlopman mendèv nan enèji pwòp ak fòmasyon NYSERDA yo tanpri vizite [isit la](#).

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lalwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak

Pwoteksyon Kominotè a, New York sou chimen pou l akonpli objektif li pou yon sektè elektrisite ki gen zewo-emisyon rive lane 2040, ki gen ladan l 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab rive 2030 epi atenn netralite kabòn nan nan nivo ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)